



Pou Piblikasyon Imedya: 11/12/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE GRAN OUVÈTI WATERTOWN FAMILY YMCA KI KOUTE 27.5 MILYON DOLA NAN KONTE JEFFERSON

Nouvo etablisman an pral elaji pwogram ak sèvis yo pou pi byen sipòte rezidan yo nan kominote a

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèyman nouvo Watertown Family YMCA ki koute 27.5 milyon dola nan Konte Jefferson. Nouvo etablisman an te reyitilize yon bilding vid, 89,000 pye kare nan kè anba lavil Watertown pou tounen yon sant byennèt familyal, akwatik ak kondisyonman fizik ki pral benefisye rezidan yo ak kominote vwazen yo. Empire State Development te sipòte pwojè a ak yon sibvansyon kapital 3.6 milyon dola pou ede ak depans konstriksyon ak reyabilitasyon.

"Achèyman Watertown YMCA a se aboutisman anpil investisman estratejik Eta New York ap kontinye fèt pou reyamenaje anba lavil Watertown k ap respire nouvo eksitasyon nan kominote a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ouvèti nouvo etablisman modèn sa a se yon lòt etap enpòtan nan transfòmasyon eksitan sa a ki pral ede revitalize ak grandi anba lavil Watertown, kounye a ak pou lavni".

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development Ian, Hope Knight, te deklare, "Nouvo Watertown Family YMCA a pare pou l tounen yon ankraj enpòtan nan anba lavil Watertown, pou bay rezidan yo yon sant k ap pote nouvo lavi nan kominote a. Nouvo etablisman modèn sa a pral kontinye pote yon pakèt benefis pou yon nouvo jenerasyon fanmi byen alavni".

Direktè Egzekitif Jeneral YMCA, Denise Young, te deklare, "Nou rete tèlman rekonesan pou sipò nou te resevwa pou fè pwojè sa a tounen yon reyalite pou kominote nou an. Sa pa gen pou wè ak yon bilding, men gen pou wè ak sa ki pral rive andedan li, ki pral amelyore lavi pou senk jenerasyon k ap vini yo".

Watertown Family YMCA ofri avantaj tankou naje ak kou egzèsis, ak yon varyete pwogram edikatif apre lekòl pou Vil Watertown ak kominote ki antoure yo pandan plis pase yon syèk. Nouvo etablisman modèn sa a elaji nan baze sou pwogramasyon tradisyonèl li yo pou satisfè divès kalite bezwen kominote a epi li pral genyen ladan opsyon tankou pisin pou naje an longè ak pisin lwazi, yon pis andedan, teren pou plizyè kalite espò, estidyo pou fè egzèsis ak yon sant byennèt ansanm ak sal kominotè, kote

pou gade timoun ak avanti pou timoun yo, espas atistik ak yon espas pou adolesan. Nouvo lokal la gen plis pase 350 espas pakin piblik epi li ofri plizyè pwèn antrè ak sòti. Anplis de sa, nouvo Sant Kominotè YMCA a ranfòse Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil (Downtown Revitalization Initiative, DRI) Vil Watertown lan, pou asire eritaj Y la kòm yon pwèn ankraj nan anba lavil la ki pral kontinye benefisye tout kominote a.

Pwojè a te resevwa tou yon sibvansyon Depatman Defans (Department of Defense, DOD) Etazini 9 milyon dola nan pwogram Pilòt Enfrastrikti Kominote Defans lan pou sipòte fanmi militè yo nan Fort Drum.

Manm Asanble Scott Gray te deklare, "Jodi a make yon etap enpòtan pou Watertown ak Konte Jefferson pandan inogirasyon nouvo Watertown Family YMCA a. Etablisman sa a non sèlman pote lavi tounen nan yon bilding ki te vid yon fwa ke anpil moun te sonje kòm "Harvest House" (Kay Rekòt) men tou elaji pwogram byennèt esansyèl, lwazi ak edikasyon ki satisfè divès kalite bezwen kominote nou an. Sipò Empire State Development te enpòtan pou fè pwojè sa a tounen yon reyalite. YMCA a pral sèvi kòm yon limyè nan sante, edikasyon, ak lespri kominotè nan kè Anba Lavil Watertown, sa k ap ranfòse Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavil k ap kontinye ak benefisye rezidan yo pou jenerasyon k ap vini yo".

Prezidan Konsèy Lejislatè Konte Jefferson (Jefferson County Board of Legislators), William W. Johnson, te deklare, "Se yon gwo jou pou YMCA, Vil Watertown ak Konte Jefferson. Bèl bilding sa a se yon temwayaj sou sa ki ka rive lè tout nivo gouvènman an travay ansanm. Mwen byen kontan Konte Jefferson te kapab jwe yon ti wòl nan pwojè sa a".

Majistra Watertown, Jeff Smith, te deklare, "Jodi a pa gen pou wè ak yon sèl pwojè; se konsène plizyè investisman ki pote lavi nan anba lavil nou an. Investisman tankou DRI ak nouvo pwojè YMCA a ranfòse nwayo kominote a epi ankouraje nouvo pwojè tankou reyamenajman Globe Building. Nou pa sèlman ap grandi, n ap kreye yon sant dinamik ki pral ankouraje plis investisman nan Vil nou an. Mèsi Gouvènè Hochul ak Empire State Development pou patenarya nou nan ranfòse anba lavil Watertown lan".

Anplis nouvo Sant Akwatik YMCA (YMCA Aquatics Center) a, gen plizyè pwojè eta a ap soutni k ap dewoule nan Anba Lavil Watertown. 5G Real Estate Group, LLC ap antreprann yon pwojè prèske 3 milyon dola pou retabli Bilding Globe degrade ak vid la pou tounen 11 apatman ak 14,000 pye kare espas komèsyal. Pwojè a, idantifye kòm yon "sib espesifik pou reyamenajman" nan plan estratejik DRI Watertown lan, k ap jwenn sipò 558,000 dola nan finansman DRI atravè ESD.

Lòt pwojè ki prèske fini gen ladan pwojè reyamenajman peyizaj lari anba lavil la, ki te resevwa 1.5 milyon dola nan fon DRI atravè Depatman Deta; ak pwojè Jefferson Community College Center for Entrepreneurship nan ansyen Strand Theatre ak Lamon Buildings nan Franklin Street, ki te jwenn sipòte 2.5 milyon dola nan finansman DRI ki soti nan ESD. Reyamenajman 138, 152-154, ak 170 Court Street, ki jwenn sipò yon sibvansyon 990,000 dola Restore New York yo bay Vil Watertown, fini kounye a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)